



Yon Gid Ekriti Pou Batèm kretyen

Prezante bay Kandida Batèm

SENTSÈN NAN BATÈM KRETYEN

Legliz kretyen lan rekonèt de sakreman kòm otorize pa Kris la—**Batèm** ak **manje Seyè** a. Tou de gen rapò ak yon sèl delivrans oubyen sali. Yon Sentsèn se yon siy ki deyò e vizib, otorize pa Kris la, nan yon pwofon favè e trè espirityèl, ke nou benefisyè. tout sa, se yon fason pou di ke nou resevwa favè espirityèl ak pwomès Bondye a.

Gen de pati nan yon sacrament: (1) **siy deyò e vizib la**. (2) **pwofon e espirityèl gras bondye a**. Siy deyò e vizib nan batèm lan se dlo. Yon moun batize nan dlo, "nan non Papa a, ak Pitit la, ak esprisen an."

Pwofon e espirityèl gras la **tou, soti nan esprisen an epi li fè nou tounen yon pitit Bondye pa adopsyon ak favè**. ki mouri nan peche e ki resevwa yon nouvo nesans dwat devan Bondye.

Gen **de kondisyon** pou resevwa batèm: (1) **repantans** ki se vire do bay peche. (2) **konfyans**, ki kwè pwomès Bondye a konsènan Jezikri kòm pwoklame nan levanjil .¹



1. JAN BATIS PREPARE FASON E LI BATIZE JEZI

- ❖ *Jan Batis te parèt nan dezè a, li t'ap anonse yo batèm repantans pou prepare yo jwenn padon peche yo. Tout moun zòn Jide ak lavil Jerizalèm te vin jwenn li '. Jan batize yo larivyè Jouden pandan yo t'ap konfese peche yo avivwa. Jan t'ap mache bay mesaj sa a: " moun k'ap vin apre m nan gen plis pouvwa anpil pase m. mwen pa bon ase pou m ta bese demare sapat ki nan pye li. Mwen menm, mwen batize nou nan dlo, men li menm l'a batize nou nan sentespri a."*

Menm epòk sa a, Jezi te soti Nazarèt, yon bouk nan Galile. jan te batize l nan larivyè Jouden an. Se konsa, sòti Jezi sòti nan dlo a, li wè syèl la lowri, Lespri desann sou li sou fòm yon pìjon. Li tandè yon vwa ki sòti nan syèl la ki di: "Ou se pitit mwen renmen anpil la; ou fè kè m kontan anpil" (Mak 1: 4-11).

- ❖ *Pòl di yo: "Jan te batise moun ki te asepte tounen vin jwenn Bondye, li te di pèp Izraèl la pou yo kwè nan moun ki t'ap vini apre l la, ki vle di Jezi." (Travay 19: 4).*

2. KÒMANDMAN JEZI A

- ❖ *alò, Jezi te pwoche bò kote yo, li di yo konsa: "mwen resevwa tout pouvwa nan syèl la ak sou tè a . Se poutèt sa, ale fè disip pou mwen nan tout nasyon, batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a. anseye yo pou yo obsève tout sa mwen te ban nou lòd fè. Sonje sa byen, mwen la avèk nou toulejou, jouk sa kaba" (Matye 28: 18-20).*

- ❖ *Epi Li di yo: "Ale toupatou sou latè, anonse bòn nouwèl la bay tout moun. Moun ki kwè epi ki resevwa batèm va delivre, men moun ki pa kwè va kondannen" (Mak 16: 15-16).*

3. LEGLIZ NOUVO TESTAMAN AN.

- ❖ **Jou Lapannkòt**

"Se poutèt sa, tout pèp Izrayèl la fèt pou konnen sa byen: Jezi, nonm nou te kloure sou kwa a, se li menm Bondye fè Seyè, se li menm Bondye fè Kris la." Lè pèp la tande pawòl sa yo, yo santi kè yo te boulyè. Yo mande Pyè ansanm ak lòt apòt yo: "Frè nou yo, kisa pou nou fè?" Pyè reponn yo: - "Tounen vin jwenn Bondye epi youn apre lòt vin resevwa batèm nan non Jezikri, pou Bondye padonnen tout peche nou yo. Apre sa, n'a resevwa Sentespri, kado Bondye a. paske Pwomès la, Bondye fè l pou nou, pou pitit nou yo, pou tout moun ki byen lwen, pou tout moun Bondye, mèt nou an, va rele vin jwenn li.

Avèk anpil lòt pawòl ankò, Pyè t'ap di yo, pou l te fè yo kwè, pou l te ankouraje yo. Li t'ap di yo konsa: "Sove tèt nou. Wete tèt nou nan mitan moun pèvèti sa yo." Anpil ladan yo ki te aksepte e kwè nan sa Pyè t'ap di a, yo te resevwa batèm. jou sa, te gen twa mil (3.000) moun konsa ki te mete tèt ansanm ak disip yo (Travay 2: 36-41).

- ❖ **Simon majisyen an**

Koulye a, nan vil sa a, te gen yon nonm yo rele Simon. Metye li se te majisyen. Simon sa a te konn ap fè moun Samari rete bouch be ak mèvèy li t'ap fè. konsa li te fè tèt li pase pou yon nèg enpòtan. Tout moun, ni gran ni piti, yo tout te kwè nan sa l'ap fè. yo t'ap di: "nonm sa a gen yon pisans Bondye sou li, se gwo pisans lan nèt. Moun yo te fanatik li paske depi lontan li t'ap fè yo rete bouch be devan maji li t'ap fè. Men, lè Filip anonse bòn nouwèl peyi kote Bondye wa a, Lé l fè yo konnen non Jezi Kris la, moun yo kwè pawòl la. Fanm kou Gason resevwa batèm. Ata Simon te kwè. Li menm tou, li te resevwa batèm. Apre sa, li te toujou avèk Filip, li te sezi wè bèl bagay ak mirak li t'ap fè. Apòt yo menm ki te lavil Jerizalèm, lè yo tande moun samari te asepte pawòl Bondye a, yo voye Pyè ak Jan bò kote yo. Lè Pyè ak Jan rive samari, yo lapriye pou moun ki kwè yo pou yo te kapab resevwa sentespri. Paske sentespri a pat ankò desann sou nan yo. Yo te resevwa batèm nan non senyè Jezi a sèlman. Lè sa a, Pyè ak Jan mete men sou tèt yo, yo resevwa sentespri. Simon te wè jan moun yo te resevwa sentespri lè apòt yo mete men sou tèt yo. li ofri Pyè ak Jan lajan. Li di yo: banm pouvwa sa a tou, pou lè m mete men sou tèt yon moun li ka resevwa sentespri a tou.

Men Pyè di li: "al mouri ansanm ak tout lajan ou lan. Paske, ou panse w ka achte kado Bondye bay ak lajan? - Ou pa gen anyen nan travay sa a, okenn dwat nan ministè sa a, paske kè w pa dwat devan Bondye. Wete move lide sa a nan tèt ou, lapriye Bondye pou ou wè si l'a padonnen w dèske w te fè lide sa a. Paske mwen wè ou gen yon peche kòryas sou sou, peche a fin antòtè nanm ou nèt."

Lè sa a, Simon di Pyè ak Jan konsa: ". tanpri souple, lapriye Senyè a pou mwen .pou anyen nan sa nou di a pa rive mwen" (Travay 8: 9-25).

❖ **Filip ak gwo chèf peyi Letiopi**

Chèf Letiopi a mande Filip, "di'm non: De ki moun pwofèt la ap pale konsa, li menm menm osinon yon lòt moun?" Lè sa a, Filip pran pale, li kòmanse avèk pasaj li t'ap li nan liv la, li fè l konnen bòn nouvèl ki pale sou Jezi a.

Antan yo prale konsa, yo rive yo kote ki te gen dlo. Lè sa a, nonm peyi letiopi a di li: " bon, men dlo. Kisa ki pou anpeche m' resevwa batèm?" epi Filip fè yo kanpe cha a. Lè sa a, Filip desann nan dlo ak gwo chèf la. Filip batize li. Lè yo sòti nan dlo a, Lespri Bondye fè Filip disparèt. gwo chèf la pa janm wè l ankò. Men, li kontinye wout li ak kè kontan (Travay 8: 34-40).

4. SINYIFIKASYON BATÈM NAN

❖ **Senbòl Sali a**

Kris la menm mouri yon sèl fwa pou peche nou, li p'ap janm mouri ankò. Li menm ki t'ap mache dwat devan Bondye, li mouri pou moun ki pa t'ap mache dwat yo, pou li te ka mennen yo bay Bondye. Li mouri, men ak pouvwa lespri Bondye a, li resisite nan lanmò. ak pouvwa menm lespri a, li t'al preche nanm ki nan prizon yo. Nanm moun tan lontan yo ki te derefize kwè nan Bondye lè li t'ap pran pasyans pou yo pandan Noye t'ap bati gwo batiman an . Nan batiman sa a, se sèlman kèk moun, uit moun nan tout, ki te rive sove nan dlo innondasyon an. pou nou menm, dlo sa a kanpe e senbolize pou dlo batèm lan k'ap delivre nou kounyea. Batèm lan, se pa yon bagay k'ap wete kras sou kò nou, men se yon angajman nou pran devan Bondye ak konsyans san repwòch. Bondye sove nou granmesi Jezikri kit e leve sòti vivan nan lanmò, ki moute nan syèl la, ki chita bò dwat Bondye kote l'ap dominnen sou tout zanj yo, sou tout chèf y oak sou tout otorite yo (1 Pyè 3: 18-22).

❖ **Idantifikasyon lanmò, antèman, ak rezirèksyon Jezi a**

Èske nou pa konnen nou tout ki resevwa batèm pou nou te fè youn ak Jezikri , Avèk batèm sa a, nou te fè youn avè l nan lanmò li? Se poutèt sa, avèk batèm nou an nou te antere ansanm avè l, nou te mouri ansanm avè l tou. menm jan Papa a te fè l leve sòti nan lanmò ak gwo fòs pouvwa li, nou menm tou nou ka Mennen yon lòt lavi. menm jan nou fé youn ak li paske nou te mouri yon jan tankou li menm te mouri, konsa tou n'a fè youn avè l, paske n'a leve sòti vivan nan lanmò tankou l tou. konsa, nou konnen vye moun nou te ye anvan an, li krisifye avèk Kris sou lakwa. sa fèt dekwa pou vye kò peche a kapab detwi. Konsa, nou pa esklav peche ankò. Paske moun ki mouri, li delivre anba pouvwa peche- (Women 6: 2-7).

❖ **United ak tout kretyen**

Se pou nou fè tout sa nou kapab pou nou ka toujou fè youn sèl kò nan Lespri Bondye pou nou viv ak kè poze ansanm youn ak lòt. Gen youn sèl kò ak youn sèl Sentespri, konsa tou se youn sèl Bondye a ki rele nou pou nou gen gen youn sèl espwa. Gen youn sèl Seyè, youn sèl konfyans, youn sèl batèm; Gen youn sèl Bondye, ki papa nou tout, k'ap dominen sou nou tout, k'ap aji nan nou tout e ki nan nou tout (Efezyen 4: 3-6).

5. SINYIFIKASYON BATÈM OU AN.

Batèm pa sove ou. - delivrans vini sèlman nan lafwa (Efezyen 2: 8-9). Fot nou yo efase devan Bondye nan menm moman nou asepte Jezi nan lavi nou kòm Sovè e Seyè nou. Men, batèm gen plizyè sinyifikasyon enpòtan pou nou konnen:

- ❖ **Deklarasyon lafwa nou** - Lè w resevwa batèm ou vin tounen yon moun nouvo. Ou vire do bay vye lavi peche (repantans) pou yon lòt lavi tou nèf nan Jezikri. Sentsèn Sa a se mete deyò tout vye lavi, renonse peche ak tout pisans mal nan mond lan, e angaje fidelite avèk Kris la. *"Si yon moun ap viv nan Kris, li vin yon lòt moun: bagay lontan yo disparèt, se lòt bagay nèf ki pran plas yo kounyea!" (2 Korentyen 5:17).*
- ❖ **Nouvèl Idantite nou** - vin kreyen se resevwa yon lòt idantite. Yon kreyen se yon moun ki "antre Kris la." Moun sa a idantifye pèsònèlman ak lanmò, antèman ak rezirèksyon JeziKri a. menm jan nou kanpe nan dlo a pou resevwa batèm lan, se konsa nou senbolize Jezi ki mouri sou kwa a. Pandan w ap bese nan dlo a, ou senbolize Jezi ki t'ap antere nan kavo a. menm jan ou leve leve soti nan dlo a, ou senbolize Jezi k'ap leve sòti nan lanmò. Konsa w'ap di: Mwen te mouri ak Jezi Kris, mwen te antere avè l, ebyen kounye a mwen leve ansanm avèk Kris la nan lavi tou nèf.
- ❖ **Temwayaj Piblik ou** - Ou bay yon prèch san pawòl la. Ou temwaye pèsònèlman pwofon asirans nan pasaj ou sòti nan lavi pase w pou rive nan lavi tou nèf ou nan Kris la.
- ❖ **Inisyasyon ou nan legliz la** - Ou rantre piblikman nan Legliz Jezi Kris la - moun ki kwè nan Jezi kòm Sovè e Senyè. Komisyon batèm nou sèvi kado nou pou ranfòse legliz la e pou transfòme mond lan.



Prepare pa Michael VanHook, International Strategic Alliances, Me 2015
Tradui pa Hilaire Dieusait

¹ katechèz a nan Legliz la Anglikan

© 2015 International Strategic Alliances, Inc. (ISA)

Materyèl sa a gen entansyon pou rezon edikasyon sèlman epi yo kapab kopye ak itilize l, men pèsòn pa gen dwa pou chanje l san pèmision ekri ki soti nan Alyans Estratejik Entènasyonal, Inc.

